



**BPS Department of Transportation (Depatman Transpòtasyon Lekòl
Piblik Boston)**

Daniel Rosengard, Direktè Egzekitif

Bruce C. Bolling Minisipal Building
2300 Washington Street, 2nd (2yèm etaj)
Roxbury, Massachusetts 02119

617-635-9520
schoolbus@bostonpublicschools.org
bostonpublicschools.org/transportation

POU :	Komite Skolè Boston
SOT NAN MEN :	Daniel Rosengard, Direktè Egzekitif, Depatman Transpòtasyon David Bloom, Direktè Finansye an Chèf
Kopi Pou :	Mary Skipper, Sipèéntandan Jeremiah Hasson, Direktè OLR (Biwo Relasyon Travay)
OSIJÈ :	Demann Apwopriyasyon Siplementè ak Lèt Akò Chofè Otobis CBA
DAT LA :	4 desanm, 2024

Nan wòl yo kòm vandè aktyèl otobis lekòl pou Lekòl Piblik Boston, Transdev anplwaye chofè otobis lekòl ki manm sendika USW Local 8751. Dapre kontra ki genyen ant Lekòl Piblik Boston ak Transdev, Transdev resevwa ranbousman pou tout salè manm pèsonèl sendika yo ak depans pou benefis siplementè, jan Vil la apwouve sa, ak enpo rejis pèsonèl yo (payroll).

Transdev ak sendika chofè otobis lekòl la, USW Local 8751, fèk dakò sou yon nouvo akò negosyasyon kolektif (akò siksesè). Ekip negosyasyon pati yo te arive atenn yon akò pwovizwa nan dat 2 novanm 2024, Memorandòm Akò a (MOA a) te egzekite nan dat 13 novanm 2024, epi sendika a te ratifye akò a nan dat 15 novanm 2024.

Enkli pou egzaminasyon Komite Skolè a se memorandòm akò ant Transdev ak sendika chofè otobis lekòl la an vigè jiska 30 jen 2028.

Dekri nan pati anba a se divès pwen enpòtan nan akò ki sot pase a, enpak finansye yo, ak aksyon sila yo Komite Skolè a te mande a.

Pwen Enpòtan CBA a (Akò Negosyasyon Kolektif la)

Dire a : Akò 4 ane a an vigè apti 1ye jiyè, 2024 jiska 30 jen, 2028

Salè yo : Ajisteman mache pou to rapò regilye a

- An vigè apati 1ye jiyè, 2024 : 33,00\$ pa è (ogmantasyon 3,87\$ pa è - retwoaktif)
- An vigè apati 1ye jiyè, 2025 : 34,00\$ pa è (ogmantasyon 1\$ pa è)
- An vigè apati 1ye jiyè, 2026 : 35,00\$ pa è (ogmantasyon 1\$ pa è)
- An vigè apati 1ye jiyè, 2027 : 35,38\$ pa è (ogmantasyon 0,38\$ pa è)

Retrèt :

- Egzijans elijibilite ane sèvis pou benefis retrèt la arive redui sot nan 30 pou desann a 25 ane
- Endemnité retrèt te ogmante nan fasaon suivan yo :
 - An vigè apati 1ye jiyè, 2024 : Te ogmante a 1.200\$ pou chak ane sèvis (retwoaktif)
 - An vigè apati 1ye jiyè, 2025 : Te ogmante a 1.300\$ pa è
 - An vigè apati 1ye jiyè, 2026 : Te ogmante a 1.400\$ pa è



- An vigè apati 1ye jiyè, 2027 : Te ogmante a \$1,500 pou chak ane sèvis

Lè Minimòm Garanti :

- Lè minimòm garanti chak semèn pou ogmante de 31 èdtan a 35 èdtan, k ap an vigè 1ye jiyè, 2025, infwa ke pati yo adopte langaj la sou « travay jan yo ta mande sa » ak pwoteksyon travay
- *Note ke : Travay an konjonksyon avèk dispozisyon ki déjà egziste nan akò negosyasyon kolektif chofè a, adisyon langaj « travay jan yo ta mande sa » prevwa pou amelyore kapasite BPS ak Transdev pou yo kouvri aktivite spòtif, pwomnad, ak divès lòt aktivite transpò nan ka kote yo ta pa kapab kouvri atravè pwoesisis òf ak plasman chofè ki egziste déjà yo*

Demann pou apwopriyasyon siplemantè

Pou ane fiskal 2025 lan, n ap mande Komite Skolè a fè yon demann pou yon Apwopriyasyon Siplemantè pou ane fiskal 2025 lan sot nan men Konsèy Vil Boston an, pou yon montan 6.637.486\$ pou kore pri kontra a, jan li dekri nan pati anba a.

Pou ane fiskal 2026, 2027, ak 2028, n ap mande pri sila yo ki dekri nan pati anba a kòm pati pwoesisis bidjè a, e n ap enkli li nan bidjè k ap prezante bay Komite Skolè a.

	Ane Fiskal (FY) 2025	Ane Fiskal (FY) 2026	Ane Fiskal (FY) 2027	Jadandanfa n FY2028	Pri total la pandan tèm 4 an kontra a :	Ane Fiskal 2028 anyalyze
Total	6.637.486\$	8.343.120\$	10.048.755\$	10.749.717\$	35.779.079\$	10.749.717\$
Demann Siplemantè :	6.637.486\$					
					Pri total la pandan tèm 4 an kontra a :	35.779.079\$

Demann pou apwouve Lèt Akò yo

Enkli pou egzaminasyon Komite Skolè a se de (2) pwojè lèt akò ant Depatman Skolè a, Majistra a ak Vil Boston, ak USW Local 8751 pou egzaminasyon Komite Skolè a.

Pwen esansyèl yo nan akò sa yo se :

- Lèt Akò A
 - COB (Vil Boston)/BPS dakò ke nan yon senaryo kote ke BPS kenbe diferan vandè transpò otobis lekòl, dokiman akizisyon yo pral presize ke sendika aktyèl la ta kontinye ap anplwaye pa nenpòt nouvo vandè anba menm CBA a (menm Akò Negosyasyon Kolektif la).

Paj 2



- Sendika a dakò pou pa gen grèv, arè travay, ni ralantisman jiska 30 jen 2029, yon ane apre ekspirasyon CBA a.
- Lèt Akò B
 - COB/BPS dakò ke nan yon senaryo kote Vil la oswa Komite Skolè a bay divès sèvis otobis lekòl avèk pwòp anplwaye pa li, olye de atravè yon vandè, COB/BPS la ta oblige anplwaye sendika aktyèl la anba menm CBA la (menm).
 - Sendika a dakò pou pa gen grèv, arè travay, ni ralantisman jiska 30 jen 2029, yon ane apre ekspirasyon CBA a.

Akò sa yo ta an vigè depi dat egzekisyon an jiska 30 jen 2029, ki se yon ane apre ekspirasyon CBA a (Akò Negosyasyon Kolektif la) ant Transdev ak USW Local 8751.

N ap mande Komite Skolè a vote an favè Lèt Akò sa yo.

